

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Udagan tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun maruluh istilah dina kaulinan barudak di Kacamatan Balubur Limbangan Kabupaten Garut ngagunakeun ulikan léksikosémantik, aya genep hal patali jeung kaulinan barudak anu bisa dicindekkeun, nyaéta (1) déskripsi wanda kaulinan barudak, (2) istilah dina kaulinan barudak, (3) komponén istilah dina kaulinan barudak, (4) wangun istilah dina kaulinan barudak, (5) harti anu dikandung dina istilah kaulinan barudak, jeung (6) larapna istilah dina kaulinan barudak.

Di Kacamatan Balubur Limbangan Kabupaten Garut, kapaluruh aya 56 kaulinan barudak, anu ngawengku 278 istilah. Dina éta kaulinan barudak kacatet 67 istilah anu has. Istilah anu panglobana aya dina kaulinan ngadu muncang (50 istilah), ari anu pangsaeutikna aya dina kaulinan éncrak jeung ucing kum masing-masing (2 istilah).

Tina hasil panalungtikan, data istilah dina kaulinan barudak anu raket patalina jeung istilah-istilah husus dina unggal kaulinan. Tiap-tiap kaulinan barudak ngabogaan istilah masing-masing. Upamana waé istilah husus dina kaulinan ngadu muncang anu ilaharna sok dilisankeun, nyaéta (153) *mirit*, hartina némpo bungkus kili-kili anu dibulen ku lamak, ditempo lalaunan mana anu meunang mana anu éléh saanggeus diteunggeul ku popongkol.

Kaulinan barudak di Kacamatan Balubur Limbangan Kabupaten Garut aya tilu wanda, nyaéta dumasar wandabaga (jenis kelamin), umur, jeung jenis tradisi. Dumasar wandabaga, aya kaulinan barudak lalaki saperti '*akod éja, alungboyong, bancul*'; aya kaulinan barudak awéwé saperti '*béklés, sondah, congklak*'; jeung aya kaulinan barudak lalaki jeung awéwé saperti '*boyboyan, galah, hahayaman*'. Dumasar wanda umur, aya kaulinan husus budak saperti '*kelom batok, kukudaan, méjikuhibiniu*'; kaulinan husus kolot saperti '*gondang jeung sumpit*', jeung kaulinan budak jeung kolot saperti '*kasti, lodong, panggal*'. Dumasar jenis tradisi, aya kaulinan hiburan (*folkplay*) saperti '*ucing jidar, ucing kum, ucing sumpit*'

Teja Fahmi Nur Azis, 2023

ISTILAH DINA KAULINAN BARUDAK DI KACAMATAN BALUBUR LIMBANGAN KABUPATEN GARUT
(Ulikan Léksikosémantik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

jeung aya kaulinan tanding (*folkgame*) saperti ‘*ngadu muncang, ngadu kaléci, ngadu langlayangan*’. Sarta dumasar kaayaan kaulinan, nyaéta aya kénéh, méh tumpur, jeung tumpur.

Istilah dina kaulinan barudak ngabogaan opat komponén, nyaéta konsép, prosés, kahanan/kaayaan, jeung sipat. Tina 278 istilah kapanggih komponén konsép (115 istilah), komponén prosés (71 istilah), komponén kahanan (75 istilah) jeung komponén sipat (17 istilah). Komponén istilah anu pangréana téh komponén konsép, ari anu pangsaeutikna komponén sipat, sésana komponén prosés jeung komponén kahanan.

Wangun istilah dina kaulinan barudak nyoko kana wangun istilah salancar jeung wangun istilah rékaan. Wangun istilah rékaan ngawengku wangun istilah rundayan, wangun istilah rajékan, wangun istilah kantétan jeung wangun istilah wacahan. Tina 278 istilah kaulinan kapanggih wangun istilah salancar (151 istilah), wangun istilah rundayan (38 istilah), wangun istilah rajékan (22 istilah), wangun istilah kantétan (57 istilah), jeung wangun istilah wacahan (10 istilah). Istilah dina kaulinan barudak anu pangréana téh mangrupa wangun istilah salancar, ari anu pangsaeutikna téh wangun istilah wacahan, sésana mangrupa wangun istilah rundayan, wangun istilah rajékan, jeung wangun istilah kantétan.

Harti anu dikandung ku istilah dina kaulinan barudak mangrupa harti anu has dipaké waktu ulin kaulinan barudak. Istilah anu kapanggih tangtu miboga harti anu béda-béda jeung harti istilah lianna. Saperti istilah (137) *malé*, istilah anu has kapanggih dina kaulinan “ngadu muncang”, anu hartina ngurus muncang nepi ka hérang.

Istilah téh dilarapkeun kana kalimah anu dilisankeun nalika ngulinkeun éta kaulinan barudak. Dilisankeun dumasar konsép, prosés, kayaan jeung sipat. Saperti istilah (168) *muntah*, dilisankeun nalika nojo kaléci dina jero kalang, beunangna leuwih ti hiji, kapanggih dina kaulinan ngadu kaléci.

Sacara umum bisa dicindekkeun, yén kaulinan barudak di Kacamatan Balubur Limbangan Kabupaten Garut téh nyaéta kaulinan anu hirup di masarakat réa diulinkeun dumasar wandabaga, umur, jeung jenis tradisi, sarta nyampak dina komponén istilah konsép, prosés, kahanan, jeung sipat. Jaba ti éta, ieu istilah téh ngabogaan wangun istilah, harti husus, sarta dilarapkeun dina unggal kaulinan.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil analisis déskripsi wanda kaulinan barudak, istilah kaulinan, komponén istilah, wangun istilah, harti istilah, jeung larapna istilah dina kaulinan barudak, ieu panalungtikan satuluyna bisa dimangpaatkeun pikeun ngeuyeuban élmu pangaweruh kabasaan, utamana dina widang léksikon jeung semantik istilah dina kaulinan barudak. Satuluyna, bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé yén istilah dina kaulinan barudak téh réa miboga ciri jeung kaunikan anu has dina unggal kaulinanana. Ku kituna, bisa dipaké ku masarakat boh budak boh kolot sangkan ngamumulé kaulinan barudak minangka kabeungharan *folklor* jeung istilah minangka kabeungharan kandaga kecap.

5.3 Rékoméndasi

Aya tilu rékoméndasi anu perlu ditepikeun sabada dilaksanakeun ieu panalungtikan, di antarana:

Kahiji, dina ieu panalungtikan saukur ngabahas déskripsi wanda, wangun, harti jeung larap istilah kaulinan wungkul, henteu dipatalikeun jeung ajén-inajén kahirupan. Panalungtikan satuluyna bisa matalikeun kaulinan jeung ajén atikan, ajén budaya, jeung ajén olahraga atawa dipalikeun kana bahan pangajaran.

Kadua, élmu anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun pamarekan élmu léksikon jeung sémantik. Panalungtikan satuluyna bisa ngagunakeun pamarekan élmu lianna.

Katilu, data istilah dina kaulinan barudak dina ieu panalungtikan museur ka hiji tempat, panalungtikan satuluyna bisa dipaluruh di tempat séjén anu jumlah kaulinan barudak jeung data istilahna bakal béda jeung leuwih réa.